

## BAB III

### MÉTODE PANALUNGTIKAN


#### 3.1 Sumber Data

Nurutkeun Arikunto (2010:172) sumber data dina panalungtikan nya éta subjék ti mana data bisa kapanggih. Anu jadi sumber data dina ieu panalungtikan nya éta sakabéh data anu aya dina novél *Béntang Pasantren* karangan H. Usep Romli HM anu ngawengku unsur objéktif (strukturalna) jeung unsur ékspresif (segi pangarangna).

##### 3.1.1 Identitas Novél *Béntang Pasantren*

Gambar 3.1

Cover Novél *Béntang Pasantren*



Judul Novél : *Béntang Pasantren*  
Pangarang : H. Usep Romli H.M  
Pamedal : PT Kiblat Buku Utama

Taun medal : Citakan ka-1, Pustaka Dasentra,  
Bandung 1983  
Citakan ka-2, PT Kiblat Buku Utama,  
Maret 2006/Safar 1427H  
Citakan ka-3, Maret 2007/  
Rabiul Awal 1428 H

Jumlah kaca :72 kaca ( 65 kaca eusi)

Warna cover : Konéng Gedang

### 3.1.2 Déskripsi Pangarang jeung Novél Béntang Pasantrén

Pangarang novél *Béntang Pasantrén* nya éta H. Usep Romli HM. Lahir di Limbangan, Garut 16 April 1949. Wartawan kahot, nu produktif nulis dina basa Sunda, wangun prosa, puisi jeung essey. Salian ti nulis karya sastra, anjeunna gé salah sahiji sastrawan anu mayeng niténan kamekaran sastra Sunda. Kritikna anu “peureus” tur henteu didinding kelir, sakapeung mah sok nimbulkeun polémik.

Buku-bukuna anu geus medal, aya kana 25 judulna. Di antarana *Ceurik Santri* (kumpulan carpon), *Jiad Ajengan* (kumpulan carpon), *Paguneman jeung Fir'aon* (kumpulan carpon), *Sabelas Taun* (kumpulan sajak), *Nu Lunta Jauh* (kumpulan sajak), *Béntang Pasantrén* (novél), *Dulag Nalaktak* (kumpulan carita humor), *Percikan Hikmah* (Anékdote Islami). *Zionis Israel di Balik Serangan AS ke Irak* (analisa).

Mimiti nulis karya sastra ti keur basa sakola di SPG. Réréana mah ngarang sajak jeung carpon, boh basa Sunda, boh basa Indonesia. Sawatara karanganana kungsi meunang penghargaan, di antarana Hadiah Sastra Manglé (1977), Hadiah Sastra LBSS (1995 jeung 2000). Kungsi deuih meunang Hadiah Penulisan Buku Depdikbud (1997 jeung 1978), katut Piagam Wisata dan Budaya Diparda Jabar (1982).

Dina dunya jurnalistik, Usep remen ngacancang ka mancanagara, pangpangna wewengkon Timur Tengah. Ladang ngalalana ka mancanagara téh,

Cahmawati Ningrum, 2013

Unsur Objektif Jeung Ekspresif Novel Bintang Pasantren Karya H. Usep Romli HM Pikeun Bahan Pangajaran Maca Pedaran Sastra Di SMA Kelas XI  
Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

geus ngahasilkeun ratusan tulisan jurnalistik dina basa Indonesia jeung Sunda. Kegiatan séjénna, pupuhu Majelis Ulama Indonésia (MUI) Kec. Cibiuk, Kab. Garut, jeung anggota Dewan Masjid Indonésia (DMI) Provinsi Jawa Barat.

Karya-karyana loba pisan anu geus medal, salah sahijina novél *Béntang Pasantrén* minangka novél anu dipedalkeun ku PT Kiblat Buku Utama taun 2006. Ieu novél téh citakan ka-3, jumlah kaca aya 72 kaca sarta kabagi kana genep bagian. Bag-baganana téh bagian hiji, dua, tilu, opat, lima jeung pamungkas nya éta bagian genep.

Novél *Béntang Pasantrén* éstuna teu jauh béda jeung novél-novél nu lianna, nyaritakeun ngeunaan hiji pasualan. Upama urang nilik kana wujudiah bungkeuleukanna ieu novél, sampulna warna konéng gedang anu diadumaniskeun jeung hiji gambar wanoja geulis tur campernik, si wanoja maké cindung anu ditafsirkeun ku panyusun disaluyukeun jeung kahirupan harita. Jilid beulah tukangna sarua aya gambar wanoja sakumaha gambar hareup cover buku, anu ditambahan ku *background* warna héjo lukut, anu nandeskeun sempalan eusi carita novél anu unina saperti ieu di handap.


*“Jep jempé. Ngaheneng, Ukur sora napas ngahégak nu ngadéngé téh, selang-surup jeung jajantung nurugtug. Ukur sora cai nu kadéngé téh, ngérélek di wahangan lebak. Ukur sora manuk nu kadéngé téh, récét dina rungkun. Ukur sora haté kuring nu galécok téh- jeung sora haté Imas meureun-guntreng ngabadamikeun tungtung tujuan, puseur teuteupan; sorangan duaan”.*

### 3.2 Desain Panalungtikan

Desain panalungtikan mangrupa bagan guluyuran tahap panalungtikan anu ngagambarkeun léngkah-léngkah panalungtikan. Desain pikeun ieu panalungtikan kagambar sakumaha bagan gambar di handap.

Gambar 3.2

## Bagan Desain Panalungtikan



### 3.3 Metode Panalungtikan

Métode asalna tina basa Yunani “methodos” anu hartina cara atawa jalan anu ditempuh. Métode bisa dihartikeun minangka cara anu dilakukeun pikeun lumangsungna panalungtikan hiji objék salaku élmu anu aya patalina.

Métode anu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta métode déskriptif analisis dokumén. Métodé déskriptif mangrupa métode panalungtikan nu

Cahmawati Ningrum, 2013

Unsur Objektif Jeung Ekspresif Novel Bintang Pasantren Karya H. Usep Romli HM Pikeun Bahan Pangajaran Maca Pedaran Sastra Di SMA Kelas XI  
Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

ditujukeun pikeun ngaréngsékeun pasualan objéktif jeung éksprésif karya sastra aktual ku cara ngumpulkeun data, nyusun data, sarta ngainterprétasikeun data karya sastra anu nyampak dina novél. Panalungtikan sacara déskriptif téh digunakeun pikeun ngadéskripsikeun atawa nyieun gambaran sacara sistematis, faktual, jeung akurat ngeunaan fakta-fakta atawa sakabéh data nu aya dina novél *Béntang Pasantrén* karangan H. Usep Romli H.M.

### 3.4 Wangenan Operasional

Judul ieu panalungtikan nya éta *Unsur Objektiv jeung Éksprésif Novél Béntang Pasantrén Karya H.Usep Romli HM pikeun Bahan Pangajaran Maca Pedaran Sastra di SMA Kelas XI*. Sangkan leuwih jéntré, ieu di handap dipedar ngeunaan wangenan operasionalna.

#### 1) Objéktif

Pamarekan sacara objéktif atawa struktural ngawatesan kana talaah karya sastra éta sorangan, teu kaasup pangarang jeung nu macana (Semi, 1989: 44).

#### 2) Éksprésif

Pamarekan éksprésif leuwih museurkeun kana tarékah pangarang atawa panyair ngaéksprésikeun ide-idenana kana jero karya sastrana (Semi, 1989: 44).

#### 3) Novél

Iskandarwassid (1992:91) nétélakeun yén novél nya éta prosa rékaan (fiksi) nu naratip (ngawujud lalakon), umumna panjang sarta galur caritana atawa *plot*-na kompléks (ngarancabang).

#### 4) *Béntang Pasantrén*

*Béntang Pasantrén* mangrupa novél karangan H. Usep Romli H.M anu nyaritakeun katresna santri ka putra ajengan anu jadi rebutan Lurah Santri jeung santri kahot séjénna. Ku tapisna nyusun ungkara anu reumbeuy ku humor jeung kekecapan has pasantrén beunang nyutat tina Qur'an, hadis, jeung kitab lianna ieu



karya téh kaasup kana karya penting anu milu ngabeungharan sastra Sunda utamana tina aspék jeung unsur agamana.

#### 5) Bahan Pangajaran

Bahan pangajaran nya éta rangkuman matéri anu diajarkeun jeung ditransferkeun ka siswa dina bentuk bahan cétak atawa bentuk séjénna anu diteundeun dina data éléktronik boh sacara vérbal boh sacara tinulis (Ginting, 2010:152).

#### 6) SMA

“Sekolah Menengah Atas dalam pendidikan formal di Indonesia, merupakan jenjang pendidikan menengah setelah menamatkan Sekolah Menengah Pertama (SMP) atau yang sederajat”  
(<http://lenterakecil.com/pengertian-sekolah/>)

### 3.5 Instrumén Panalungtikan

Nurutkeun Arikunto (2010:150) instrumén panalungtikan téh nya éta alat atawa fasilitas anu dipaké ku panalungtik pikeun ngumpulkeun data. Dina ngumpulkeun data, instrumén anu dipaké nya éta dokumen novél *Béntang Pasantrén*.

Dina ieu panalungtikan dipaké instrumén kartu data dina nganalisis unsur-unsur karya sastra novél *Béntang Pasantrén*. Dina kartu data aya nomer, analisis, cutatan tina eusi novél, jeung katerangan. Udaganna nya éta sangkan gampang dina nganalisis data sarta gampang nyieun kacindekan. Satuluyana aya dua tabél analisis anu digunakeun dina ieu panalungtikan. Nu kahiji ngeunaan unsur objéktif (struktural) novél, kaduana ngeunaan unsur ékspresif novél ditilik tina jihat pangarangna.

Gambar 3.3  
Conto Kartu Data

Nomer	:
Analisis	:
Cutatan	:
Katerangan	:

Tabél 3.1  
Unsur Objéktif (Struktural Novél)

No	Unsur Objéktif		
	Téma Carita	Fakta Carita	Sarana Carita

Tabél 3.2  
Téma Carita

No	Téma	Déskripsi

Tabél 3.3  
Fakta Carita

No	Fakta Carita		
	Alur	Palaku	Latar

Tabél 3.4

Alur

No	Alur Carita				
	Bubuka	Muncul Masalah	Masalah Museur	Ngaréngsékeun Masalah	Pungkasan Carita

Tabél 3.5

Palaku jeung watekna

No	Palaku	Watek Alus	Watek Goréng

Tabél 3.6  
Ringkesan Watek Palaku

No	Ringkesan watek	
	Watek Alus	Watek Goréng

Tabél 3.7  
Palaku Tambahan

No	Palaku	No	Palaku	No	Palaku

Tabél 3.8  
Latar

No	Latar		
	Latar Sosial	Latar Géografis/Tempat	Latar Waktu/Historis

Tabél 3.9  
Sarana Carita

No	Sarana Carita		
	Puseur Panitén	Gaya Basa	Nada/Suasana

Tabél 3.10  
Unsur Éksprésif (Pangarang Novél)

No	Unsur éksprésif	Katerangan
	Biografi	



	Ide	
	Imajinasi	
	Spontanitas	
	Kontemplasi	
	Pangalaman	
	Integrasi	
	Kapribadian	
	Émosi	
	Konsép Seni	

### 3.6 Tehnik Ngumpulkeun Data

Téhnik nu digunakeun pikeun ngumpulkeun data dina ieu panalungtikan nya éta téhnik talaah pustaka. Ieu téhnik digunakeun pikeun ngumpulkeun data panalungtikan kana buku novél *Béntang Pasantren* karangan H. Usep Romli HM. Dina ngumpulkeun data, langkah-langkahna nya éta:

- 1) Maca sagemblengna teks novél
- 2) Nyirian data anu aya patalina antara sisi-sisi anu saluyu antara analisis jeung teori, di antarana:
  - (1) unsur objéktif ngawengku téma carita, fakta carita, jeung sarana carita;
  - (2) unsur éksprésif ngawengku biografi, ide/gagasan, imajinasi, spontanitas, kontemplasi, pangalaman, integrasi, kepribadian, emosi, jeung konsep seni pangarang dina nuliskeun karyana.

### 3.7 Tehnik Ngolah Data

Tehnik anu digunakeun pikeun ngolah data ieu panalungtikan ngagunakeun analisis data. Data anu geus dikumpulkeun saméméhna tuluy diolah sangkan meunang hasil anu luyu jeung tujuan anu hayang dihontal. Téhnik anu digunakeun nya éta téhnik studi pustaka anu mangrupa téhnik ku cara:

- 1) nangtukeun objek panalungtikan, dina hal ieu novel *Béntang Pasantren* anu jadi objék panalungtikan;
- 2) mariksa objék kalawan gemet;

Cahmawati Ningrum, 2013

Unsur Objéktif Jeung Éksprésif Novel Bintang Pasantren Karya H. Usep Romli HM Pikeun Bahan Pangajaran Maca Pedaran Sastra Di SMA Kelas XI

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

- 3) analisis unsur objéktif data novél *Béntang Pasantrén* anu ngawengku ngawengku téma carita, fakta carita; jeung sarana carita.
- 4) analisis unsur ékspresif novél anu medar tina sisi pangarang novél *Béntang Pasantrén* anu ngawengku: biografi, ide/gagasan, imajinasi, spontanitas, kontemplasi, pengalaman, integrasi, kepribadian, emosi, dan konsep seni pangarang;
- 5) ngasupkeun data kana tabél anu geus nyampak;
- 6) nganalisis data dina tabél;
- 7) nyindekkeun hasil analisis data.

